

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah nu dilaksanakeun ku panalungtik pikeun nyangking informasi tur ngalaksanakeun pengkajian kana data nu geus dikumpulkeun. Metodologi dina panalungtikan kabagi jadi tilu bagian, di antarana métode panalungtikan kuantitatif, kualitatif, jeung campuran (Cresswell, 2016, kc. 3).

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan kualitatif. Ieu métode mangrupa métode-métode pikeun maham makna nu nurutkeun sababaraha individu atawa kelompok dianggap asalna tina masalah sosial jeung kamanusaan (Cresswell, 2016, kc. 4). Métode kualitatif ngabutuhkeun pamahaman makna-makna kana objek nu ditalungtik, ku kituna salah sahiji léngkah pikeun maluruhna nyaéta ku panalungtikan déskriptif analitik. Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun maluruh kaayaan, hiji kondisi, atawa hal séjén (Arikunto, 2010, kc. 3).


Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun struktural guguritan dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking*, struktur puisi dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking*, jeung éstétika dina buku kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking*.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Désain panalungtikan mangrupa tahapan panalungtikan atawa prosedur dina rarancang panalungtikanna. Ogé sakabéh prosés anu diperlukeun dina kagiatan panalungtikan ku cara ngumpulkeun data jeung nganalisis data. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif miboga udagan pikeun anu aktual maké cara ngumpulkeun data, nyusun bagian-bagian, nganalisis jeung napsirkeun data (Gumilar, 2015, kc. 66).

Panalungtikan anu digunakeun nyaéta panalungtikan kualitatif. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta analisis data nu miboga udagan pikeun

néangan jeung nangtukeun struktur guguritan (guru lagu, guru wilangan, jeung guru gatra), struktur puisi pikeun ngadéskripsikeun struktur lahir (diksi, imaji, majas, kecap kongkrit, majas, purwakanti), jeung struktur batin (téma, nada, rasa, jeung amanat) dina guguritan. Salian ti éta, dipedar ogé ngeunaan éstétika dina kumpulan guguritan *Riring-riring Tjiawaking*.



Bagan 3.1 *Desain Panalungtikan*

### 3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka téh nyaéta ngumpulkeun sababaraha référénsi, buku, jurnal anu patali jeung panalungtikan.

Konsép jeung tiori nu jadi papagon dina ieu panalungtikan di antarana ngeunaan: 1) sastra nu ngawengku kamekaran, hakékatna, jeung klasifikasina; 2) guguritan jeung pupuh nu jadi aturan pikeun nganggitna; 3) kamekaran guguritan; 3) strukturalisme nu ngawengku struktur puisi jeung struktur guguritan; jeung 5) éstétika nu ngawengku unsur-unsur nu nyangkaruk di jerona. Sakabéhna dumasar kana buku, jurnal, jeung sumber séjénna anu patali jeung panalungtikan.

### 3.3 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data panalungtikan ngagunakeun Téhnik déskriptif analitik, ku cara ngagunakeun téhnik talaah pustaka, wawancara, jeung studi dokumentasi (Isnendes, 2010, kc. 102). Ieu téhnik udaganna pikeun néangan jeung nangtukeun struktur puisi nu ngawengku struktur lahir (diksi, imaji, majas, kecap kongkrit, majas, purwakanti) jeung struktur batin (téma, nada, rasa, jeung amanat) dina buku *Riring-riring Tjiawaking* (kumpulan guguritan) karya Wahyu Wibisana. Dina ieu panalungtikan ogé anu dianalisis nyaéta struktur guguritan (guru lagu, guru wilangan, guru gatra) jeung éstétika nu nyangkaruk di jerona.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta.

### 1) Kartu Data Ngumpulkeun

Tabel 3.1 *Kartu Data Struktur Lahir Puisi*

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)</b>	<b>Diksi</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)</b>	<b>Kecap Kongkrit</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)</b>	<b>Imaji (Panénjo, Pangdégé, Pangambeu, Pangrasa, Gerak)</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data(B/J/P/S/K/Pd/Pdl)</b>	<b>Gaya Basa</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)</b>	<b>Purwakanti</b>

Tabel 3.2 *Kartu Data Struktur Batin Puisi*

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd)</b>	<b>Téma</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd)</b>	<b>Nada</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd)</b>	<b>Rasa</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd)</b>	<b>Amanat</b>

Tabel 3.3 *Kartu Data Struktur Guguritan*

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K)</b>	<b>Aturan Pupuh</b>	<b>Keterangan</b>

Tabel 3.4 *Kartu Data Éstétika*

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd/Pdl)</b>	<b>Diksi Éstétik</b>

<b>NO</b>	<b>Kode Data (B/J/P/S/K/Pd)</b>	<b>Ideu/Gagasan</b>

--	--	--

NO	Kode Data (B/J/P/S/K)	Pintonan

**Katerangan:**

- (1) B: Judul buku
- (2) J: Judul guguritan
- (3) P: Pupuh
- (4) S: Susunan guguritan
- (5) K: Kaca
- (6) Pd: Pada
- (7) Pdl: Padalisan

**2) Kartu Data Ngolah**

Kartu data ngolah anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta:

Tabel 3.5 *Kartu Data Analisis Deskriptif Struktur Lahir Puisi*

<b>Analisis Struktur Lahir</b>
<b>Diksi</b>
<b>Judul : “Malihwarni Mayang Binékas”</b>
<i>Seja mangkat <b>parahu</b> sorangan</i> <b>MMB/RRT/D/50/26/02/02</b>
Kecap parahu nuduhkeun kana kahirupan. Maksudna waktu geus cunduk kana wanci pikeun hirup mandiri. Ulah nepi ka ditunda-tunda, tuluykeun hirup sorangan

kalayan pituduh nu saéstuna. Ulah nepi ka ngalampahan kahirupan sagawayah sangkan teu sasab ka jalan nu teu bener.

Tabel 3.6 *Kartu Data Analisis Deskriptif Struktur Batin Puisi*

<b>Analisis Struktur Batin</b>
<b>Téma</b>
<b>Judul : “Hurung Layung”</b>
Wanci di alam dunya <b>HL/RRT/K/09/02</b>
Téma dina guguritan “Hurung Layung” nyaéta wanci di alam dunya ku sabab guguritanna nyaritakeun ngeunaan wanci nu tuluy marengan kahirupan manusa dina ngalampahan hirup di dunya, panggeuing pikeun ibadah ka Alloh SWT.

Tabel 3.7 *Kartu Data Deskriptif Éstétika*

<b>Analisis Éstétika</b>
<b>Diksi Éstétis</b>
<b>Judul : “Silanglang Bareng jeung Bulan”</b>
<i>Silanglang Bareng jeung Bulan</i> <b>SBJB/RRT/S/39/21/02/01</b>
Kecap <i>silanglang</i> nuduhkeun pagawéan ngojay atawa ngeueum. Maksudna, ieu panulis téh hayang nepikeun ngojay atawa ngeueum ieu téh kana lalampahan kahirupan. Hartina, unggal manusa miboga jalan hirup séwang-séwangan dina ngalampahan pituduh nu sakuduna. Bulan di dieu dimaksudkeun kana kecap wanci,

tangtu manusa hirup bakal tuluy babarengan jeung wanci nu hiji mangsa bakal ngelelep (maot téa).

### 3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.5.1 Data


Data panalungtikan nyaéta sakabéh kumpulan guguritan buku *Riring-riring Tjiawaking* anu kakumpul jumlahna aya 46 judul ngagunakeun aturan pupuh sekar ageung (kinanti, sinom, asmarandana jeung dangdanggula) jeung sekar alit (pangkur, durma, mijil, maskumambang, pucung, jeung magatru). Pangna dijadikeun objek panalungtikan nyaéta aya sababaraha hiji guguritan nu ditulis maké pupuh asmarandana jeung sinom nu béda jeung aturan pupuh ilaharna. Ari sababna, lantaran guguritan nu ditulis ku pangarang aya sababaraha hiji nu dijadikeun rumpaka tembang cianjuran. Ieu hal pikeun ngahontal udagan rumpaka nu kudu luyu jeung irama atawa nada dina tembang.

Data nyaéta sagala rupa nu nyadiakeun ayana struktural guguritan nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung gatra. Ulikan séjénna nyaéta struktur puisi nu ngawengku struktur lahir (diksi, imaji, kecap kongkrit, majas, purwakanti) jeung struktur batin (téma, nada, rasa, jeung amanat). Salian ti pedaran struktural, panalungtik ogé maluruh ulikan éstétika ngeunaan unsur-unsur éstétika nu nyangkaruk dina hiji karya. Ieu konsep ngabagi unsur éstétika jadi tilu, nyaéta: (1) wujud atawa rupa, (2) bobot atawa eusi, jeung (3) pintonan atawa *performance*.

#### 3.5.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta sagala rupa réferénsi boh buku, jurnal, anu aya patalina jeung panalungtikan. Sumber data anu utama nyaéta buku *Riring-riring Tjiawaking* (Kumpulan Guguritan) karya Wahyu Wibisana.





Judul Buku : Riring-riring Tjiawaking  
 Pangarang : Wahyu Wibisana  
 Pamedal : CV Geger Sunten  
 Taun Medal : Citakan ka-1 Méi, 1999  
 Kandelna : 100 kaca

Gambar 3.1 *Jilid Buku RRT*

Wahyu Wibisana nyaéta salasahiji sastrawan Sunda nu gumelar di Tasikmalaya, 19 Januari 1935. Salian ti jadi sastrawan jeung budayawan, Wahyu ogé salaku guru nu geus pénsiun. Wahyu réa ngagelarkeun karya, boh éta mangrupa tulisan, boh éta mangrupa karya seni. Wangun tulisan nu jadi karyana di antarana sajak, carita pondok, esai, guguritan, jeung buku-buku ngeunaan kasundaan. Dina widang seni Wahyu geus ngahasilkeun wangun pintonan gending karesmén. Judul nu geus katelah di antarana “*Si Kabayan jeung Raja Jimbul*”. Wahyu Wibisana tilar dunya dina tanggal 13 Oktober 2014 nu dikurebkeun di Cisayong, Tasikmalaya. Tarékah pikeun ngajén jasa nu kungsi dilaksanakeun ku Wahyu Wibisana dina widang budaya jeung sastra Sunda, Universitas Padjajaran kungsi nyieun hiji pagelaran nu dijudulan “*Ti Cisayong ka Cisayong*”.

### 3.6 Prosedur/Alur Panalungtikan

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah saperti nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, sarta métode panalungtikan anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan. Sanggeus meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan téhnik anu dipaké nyaéta téhnik talaah pustaka. Sanggeus data ka kumpul tuluy dianalisis maké ulikan struktural guguritan nu ngawengku guru lagu, guru wilangan, jeung gatra. Ulikan séjénna panalungtik maluruh ogé struktur puisi nu ngawengku struktur lahir (diksi, imaji, majas, kecap kongkrit, purwakanti) jeung struktur batin (téma, nada, rasa, jeung amanat).

Salian ti pedaran struktural, panalungtik ogé maluruh ulikan éstétika ngeunaan unsur-unsur éstétika nu nyangkaruk dina hiji karya. Ieu konsep ngabagi unsur éstétika jadi tilu, nyaéta: (1) wujud atawa rupa, (2) bobot atawa eusi, jeung (3) pintonan atawa *performance*.

Sabada meunangkeun hasil panalungtikan jeung pedaran nu ngawengku struktural jeung éstétika, satuluyna panalungtik bisa nyieun kacindekan. Tangtu kacindekanna diluyukeun kana rumusan masalah, udagan, jeung judul dina ieu panalungtikan.